# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–09 जून 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें एक सौ चालीस करोड़ भारतीयन के आसीर्वाद अउर सबके भागीदारी से देस पछिला ग्यारह बरिस में कई गो क्षेत्र में तेजी से बदलाव देखले हवे। एगो सोसल मीडिया पोस्ट मे उहां के कहलीं कि सबका साथ–सबका विकास, सबका बिस्वास, सबका प्रयास के सिद्धांत से प्रेरित होके एनडीए सरकार तेजी से बड़हन पैमाना पर अउर संवेदनसीलता के साथे जरूरी बदलाव कइले हवे। प्रधानमंत्री लोगिन के भारत के विकास यात्रा के जाने बदे नमो एप पर उपलब्ध वीडियो इंफोग्राफिक्स अउर आलेखन जइसन विधा के जरिया से जोड़े बदे आमंत्रित कइले हवें।

**********

देस सेवा, सुसासन अउर गरीब कल्याण के सिद्धांतन से प्रेरित होके एक दसक में उल्लेखनीय कार कइले हवे। आकाशवाणी समाचार पिछला ग्यारह बरिस में प्रमुख क्षेत्रन में सरकार के कोसिसन पर एगो खास श्रृंखला लेके आइल हवे। येही क्रम में आजु हम पूर्वोत्तर भारत क विकास यात्रा के बारे में बता रहल हईं।

**पिछले दशक में उत्तर पूर्वी भारत में एक आद्वितीय बदलाव देखा गया है। असम और अरुणाचल प्रदेश ने दशकों पुरानी सीमा विवाद को सुलझाने के लिए एक समझौता ज्ञापन पर हस्ताक्षर भी किए हैं। इस क्षेत्र की कनेक्टिविटी पहले से कहीं अधिक बेहतर हुई है। 10 नए ग्रीन फील्ड हवाई अड्डे, मिजोरम जैसे राज्य में नई रेलवे लिंक और ब्रह्मपुत्र पर रो–रो फैरी सेवाओं ने यात्रा को पहले से कहीं ज्यादा सुलभ बना दिया है। भोगीबील ब्रिज जैसे प्रमुख परियोजनाओं ने दूर दराज के इलाकों को भी आपस में जोड़ा है। पीएम डिवाइन और उन्नति 2024 जैसी योजनाएं नये आर्थिक अवसर खोल रही हैं। क्षेत्र को 135000 करोड रुपए से अधिक के बाहरी सहायता प्राप्त परियोजनाओं का समर्थन मिला है। यह क्षेत्र अब 15000 मेगावाट स्वच्छ ऊर्जा उत्पन्न करने के लिए जल विद्युत परियोजनाओं के क्षेत्र में एक प्रमुख कदम उठा रहा है। अक्षत वैद्यान, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

लखनऊ क रहवइया भारतीय अंतरिक्ष यात्री अउर भारतीय वायुसेना क ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला बिहने संझा स्पेसएक्स के एक्सिओम फोर से आपन अंतरिक्ष यात्रा सुरू करिहें। उहां के दुइ हप्ता ले अंतर्राष्ट्रीय अंतरिक्ष केन्द्र में रहबि। अंतर्राष्ट्रीय अंतरिक्ष केन्द्र क यात्रा बदे उहां के पहिला भारतीय अंतरिक्ष यात्री होइबि। एगो रिपोर्ट –

**भारत दूसरी बार इतिहास रचने को तैयार है, इससे पहले 3 अप्रैल, 1984 को भारतीय अंतरिक्ष यात्री और भारतीय वायुसेना के विंग कमांडर राकेश शर्मा सोयूज टी 11 के जरिए अंतरिक्ष में गए थे। हालांकि यह अंतर्राष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेशन की स्थापना से पहले की बात है। शुभांशु के साथ, अमरीका के शोधकर्ता डॉ. पैगी व्हाट्सन, पोलेंड से वैज्ञानिक, इंजीनियर स्लावोज उज्नान्स्की और हंगरी से मैकेनिकल इंजीनियर टिबोर कपू पृथ्वी की निचली कक्षा के मार्ग को फिर से परिभाषित करने वाले इस ऐतिहासिक मिशन पर अंतरिक्ष की यात्रा कर रहे हैं। वे अंतर्राष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेशन में अपनी 15 दिनों की यात्रा के दौरान मानव अनुसंधान, पृथ्वी अवलोकन और जीवन, जैविक और भौतिक विज्ञान पर केंद्रित वैज्ञानिक प्रयोग और प्रदर्शन करेंगे। चेन्नई से जॉय की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से शक्ति सिंह।**

**********

विकसित कृषि संकल्प अभियान दुइ हजार पचीस में भारतीय सब्जी अनुसंधान संस्थान बनारस के वैज्ञानिकन अउर राज्य सरकार के बिसेषज्ञन आ अधिकारी लोगि इग्यारह दिन में चौवालिस हजार से बेसी किसानन से सोझे बतियउलें। ई जनकारी संस्थान क निदेसक डाक्टर राजेश कुमार दिहलें। उहां के बतउलीं कि ओनतीस मई से आठ जून के बिच्चे पचास से बेसी वैज्ञानिकन क अठारह गो टीमि बिसेषज्ञन अउर राज्य सरकार के कृषि विभाग के अधिकारियन के साथे मिलि के अभूतपूर्व सफलता हासिल कइले हवे। एह दौरान बनारस, चंदौली, मिर्जापुर, सोनभद्र, संत रविदास नगर अउर कुशीनगर जिला के किसानन से बातचीत कइल गइल।

**********

शाहजहांपुर जिला के रोजा थान्हा क्षेत्र में लखनऊ सीतापुर राहि पर जुमका गांव के लग्गे आजु भिन्नही भइल एगो सड़क हादसा में गोरखपुर जिला के तीनि लोगिन क मउत हो गइल। येह हादसा में तीनि लोगि गम्हिराहे घाही हो गइलें। ई हादसा ओह समय भइल जब गोरखपुर से नैनीताल जा रहल गोरखपुर के पर्यटकन क कार सड़कि के किनारे खड़ा ट्रक से लड़ि गइल।

**********

पूरबी उत्तर प्रदेस में आजु अउर बिहने मौसम सुक्खल रहले अउर इग्यारह जून के कहीं–कहीं बरखा अउर गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना हौ। मौसम विज्ञान विभाग ई पूर्वानुमान जारी करत आजु अउर बिहने पूरबी उत्तर प्रदेस के दक्षिणी क्षेत्र में दिन के समय लुह चलले क चेतावनियो जारी कइले हवे। येह दौरान पच्छिमी उत्तर प्रदेस में मौसम सुक्खल रही अउर ओइजा धुरियाइल बेयारियो चलले क सम्भावना हौ। सथहीं येह इलाकन में लुह क परभाव बनल रही।

**********